МКУ Управление образованием
«МО Хасавюртовский район»
МБОУ «Петраковская СОШ»

# Авар мац1алъул рагьараб дарс

## 4 класс

## Тема: Глагол такрар гьаби

Составила: Учитель родного (аварского) языка

Абакарова Асият Кайтмазовна

## Авар мац!алъул рагъараб дарс 4 класс

**Дарсил тема**: Глагол

**Дарсил мурадал ва масъалаби:**

**Лъай кьеялъул:**

Каламалъул бут1а х1исабалда глаголалъул х1акъалъулъ лъималазда 3 абилеб классалда малъанщинаб такрар гъаби.

Глаголалъул лексикияб маг1на, гьелъие лъолел суалал такрар гьари.

Хъвавул ва к1алзул каламалъулъ глаголазул бугеб к1вар ва гьез т1убалеб хъулухъ бич1ч1и.

**Лъай цебет1еялъул:**

Глаголал каламалъулъ мух1канго х1алт1изариялъул бажари цебет1ей.

13 хасаб зах1матаб х1арп лъик1 лъай.

Хъвавул калам цебет1ей.

**Тарбия кьеялъул:**

Лъималазул рек1елъ рахьдал мац1алде рокьи бижизаби.

Берцин ва бац1ц1ад хъваялде куцай.

Дарсил тайпа: рагъараб дарс.

Дарсил алатал: т1ехь, компьютер, суратазул карточкаби, презентация.

Дарсица кьезе колел х1асилал:

Глаголал лъай. Глаголал жидер хъвавул ва к1алзул каламалъулъ х1алт1изарун бажариялде ругъунлъи.

**Дарсил ин:**

1. **Авалияб г1уц1и**. Лъимал дарсиде х1адури. Дариде гъира базаби

Ассаламу г1алайкум! Босе берцинаб салам,

Гъаб классалдеги яч1ун нужее кьолеб бугеб!

Байбихьана х1икматаб маг1арул мац1алъул дарс,

Г1урдада т1егь г1адинаб гъайбатаб мац1алъул дарс.

2. **Берцинхъвай.**

Кици ц1алилила лъималазе.

***Гьит1инго гьабураб ц1али- ганч1ида бик1араб накъищ.***

-Гьаб щиб кколеб лъимал? (Кици)

Кици щиб кколеб?

- Кици ккола х1асилалде щвараб маг1на гъваридаб калам. Кицабаз нилъее г1акълу кьола, ургъизе т1амула.

- Лъалищ лъимал нужеда гьаб кициялъул маг1на?

Гьелъул маг1на ккола гьит1инго щвараб лъай, ганч1ида бик1араб накъищ (орнамент) г1адин г1умруялъго бот1ролъ хут1улила. Ганч1ида бик1араб накъищ я гьороца, я г1азуца, я ц1адалъ нахъе унаро. Гьединлъидал лъимал нужеца к1вараб жигар бахъизе ккола гьит1ин къоялдаса нахъе ц1алдезе, бажарараб жо лъазабизе. Г1ун хадуб гьеб лъазабизе зах1малъула ва нужер рак1 бух1ула заманалда лъазабич1елда.
Рагье тетрадал хъвай жакъасеб къо-моц1.

-Рач1а лъимал гьанже нилъеца рат1а росун хъвала гьениса маг1арул мац1алъул зах1матал х1арпал. Гьел кинал кколел?

***Гь, т1, ц1, ч1, к1, къ***

Раг1аби: гьан, гьумер, т1ил, т1ут1, ц1илиц1, ц1алк1у, ч1ар, ч1абар, к1ал, к1вет1

Гьел раг1аби цо-цо ккун доскаялдеги рахъун хъвала лъималаз. Тетрадаздаги хъвала. К1иго раг1игун предложение г1уц1ила ва хъвала.

Дица радал гьумер чурана. Аминатица эбелалъухъе ц1алк1у кьуна.

3. **Дарсил темаялде рачин.**

Чурана, кьуна. Гьал раг1абаз щиб бихьизабулеб? Иш. Дарсил тема? Глагол. Жакъасеб дарсида нилъеца такрар гьабизе буго глаголазул х1акъалъулъ лъабабилеб классалда нужеда лъараб. Глаголалги гъорлъе ккезарун предложениял г1уц1изе ругьунлъизе руго. Щибизе къвариг1унел гьел нилъее? Гьел нилъее чара гьеч1ого къвариг1уна маг1арул мац1 бицине ругьунлъизе ккани.

4. **Дарсил темаялда т1ад х1алт1и**

Президентациялда бихьизабила васас бахъараб берцинаб т1огьол сурат гьороца щущазабун ва каламалъул бут1абазул ц1арал т1ад хъварал т1огьол т1анчал рахъ-рахъалде роржун ун. Лъимал васас бахъулеб бук1араб берцинаб т1егь гьороца щущазабуна. Гьеб буго нилъер калам. Щибаб каламалъул бут1аялъ бечед ва камил гьабула нилъер калам, пасих1 гьабула нилъер мац1. Нужеца хехго кумек гьабе гьеб т1егь ц1идасан данде бак1арize. Щибаб суалалъе жаваб кьунщинахъе цо-цо каламалъул бут1а хвасар гьабизе к1везе буго нилъеда.

Дун дарсиде яч1ана, нуж дарсиде рач1ана,

Нилъер лъаялъул рокъоб ц1ияб дарс байбихьана.

Дица нужей бицина, нуж дихъ лъик1 г1енеккила,

Маг1арул мац1 лъик1 лъазе х1аракат ц1акъ бахъила.

Ц1одорай цо яс гьаний, ц1одорав цо вас гьанив,

Ц1одорал ва г1акъилал маг1арул лъимал гьанир.

Къеда г1урччинаб доска, дида кодоб хъах1аб мел,

Нуж нахъ г1одор ч1езе анц1ила к1иго парта.

Т1оцебесеб кьер буго, к1иабилеб кьер буго,

Лъабго кьер гьабун лъурал партаби гьанир руго.

Нужехъ кодор ручкаби, цере лъурал тетрадал,

Авар мац1алъул ц1иял гьайбатал т1ахьал руго.

Т1ахьаздасан ц1алараб бич1ч1изе цо-цо бет1ер,

Бич1ч1араб жо бицине цо мац1 буго щивасул,

Ва борхизе бокьани, к1иго кверги щивасул,

Щибаб квералда буго щуго килищги гьале ,

Щуго килищ – цох1о квер, босе гьудул босе гьаб!

Ункъабилеб классалда руго ц1акъ лъик1ал лъимал!

***Дун, нуж, нилъер, дихъ*-** кинал каламалъул бут1аби? ( Ц1арубак1ал). Т1амач рек1инабила т1огьода.

***Ц1ияб, гьайбатал, ц1одорал, ц1одорав, ц1одорай, хъах1аб*-** гьал раг1абаз щиб бихьизабулеб? (Предметазул г1аламат). Кинаб каламалъул бут1аби? (Прилагательноял) Суалал? Т11амач рек1инабила т1огьода.

***Тетрадал, ручкаби, партаби, ц1алдохъаби, васги, ясги, доска, т1ахьал*** – гьал раг1абаз щиб бихьизабулеб? (Предмет). Кинал каламалъул бут1аби? (Предметиял ц1арал). Суалал? Т1амач рек1инабила т1огьода.

***Яч1ана, рач1ана, байбихьана, бицана, г1енеккила-*** гьал раг1абаз щиб бихьизабулеб ? (Иш). Каламалъул бут1а? (Глаголал) Суалал? Т1амач рек1инабила т1огьода.

***Цо, к1иго, т1оцебесеб, к1иабилеб, ункъабилеб-*** гьел раг1аби кинаб каламалъул бут1аби кколел? (Рик1к1енал). Суалал?( Чан? Чанабилеб?) Бит1ун буго Ц1одорал. Т1амач рек1инабила т1огьода

Гьалеха, меседал нилъеца ч1аголъизабуна нилъерго авар каламалъул берцинаб т1егь. Нилъеца такрар гьаруна гьанжелъаг1ан нужеда малъарал каламалъул бут1аби. Гьел каламалъул бут1абазда гьоркьоб глаголаз ккола хасаб бак1. Щайгурелъул… Лъималаз жидерго пикру загьир гьабила . Жакъа нилъеца бицине буго глаголалъул.

Глаголалъ бихьизабула предметалъ гьабулеб ***иш*** яги ***х1ал.***

**Словарь:**

***Иш-*** действие

***Х1ал-*** состояние.

***Масала:*** Иш- К1алъалев вуго- разговаривает, екерана-побежала, кванана-поел, поела.

Х1ал- пашманлъизе- загрустить, рохизе- обрадоваться, макьихана-захотелось спать, х1инкъизе-испугаться. Щибалъе данде кколеб суратги бихьизабила.

Къокъабиккун х1алт1и. Нужее буго т1адкъай. Гьал иш ва х1ал бихьизабулел глаголал к1иго бут1аялде рикье.

***Иш: Босана, рагьана, вегун вуго, рагъулел руго.***

***Х1ал: Унтун вуго, пашманлъана, квачалев вуго, хинлъана***

Раг1абигун предложениял ургъила ва хъвала.

Масала: Шамилица сайигъат босана. Г1усман диваналда вегун вуго. Саид пашманлъана. Мух1амад унтун вуго.

**Х1ухьбахъиялъул лах1зат.**

Гьанже лъимал нилъеца цо гьит1инабго х1ухьбахъи гьабила. Рахъа т1аде, Дица нужехъе рехила торг1о нужеца рицине ккола цо-цо глаголал.

5. **Т1ехьгун х1алт1и**. Гьанже лъимал рагье т1ахьал. Хъвай х1алт1и 159 гьумер 71

Гьал предметаз гьаризе бегьулел ишал рихьизаре.

Г1ака- г1ерг1едула, Х1елеко-г1ег1едула, г1ор- чвахула, кету-мимидула, х1анч1и-ч1ирч1идула, Ах1мад-к1алъала, Пат1имат-елъанхъула, Рии-бач1уна.

Х1алт1и 160 гьумер 71

6. **Дарсил х1асил.**

Щиб бихьизабулеб глаголаз?

Кинал суалазе жаваблъун рач1унел иш ва х1ал бихьизабулел глаголал?

7. **Релълексия.**

Гьанже дица бихьизабила предметиял ц1аралги хъварал карточкаби нужеца абила гьеб преметияб ц1аргун гьабизе бегьулеб иш.

Ах- ч1ола, гьанк1ула, бухъула, к1урула, лъалъала.

Хур- бегула, ч1арала, бухъула, лъалъала, бекьула.

Х11анч1и- ч1ирч1идула,  роржуна, рещт1уна, кванала, ракъула, квачала.

Х1ал

Г1адан - пашманлъана, вохана, унтана, сахлъана, къварилъана, разилъана

Т1абиг1ат, гьава-бакъ - квачана, ц1орона, хьухьана, хинлъана, кьерхана, роц1ана, рогьана, рук1к1ана, гвангъана, бец1лъана.

- Лъимал гьанже нужеца дида абе. Щиб жакъа нилъеца такрар гьабураб? (Глагол)

- Щиб нужеда ц1ияб лъараб?

- Щиб дарсида бокьараб?

-Щиб зах1малъараб?

8. **Рокъобе х1алт1и.**

Х1алт1и 162 гьумер 72. К1и-к1и иш бихьизабулел ва х1ал бихьизабулел глаголалгун предложениял ургъе ва хъвай.

Къо-мех лъик1 лъимал